

LEKÒL PIBLIK CHARTER YO
= SIKSÈ ELÈV YO



Kontre avèk nou sou  Facebook ak sou  Instagram @nyccharterschools

Se pou bon lekòl piblik n ap travay.

Aprann plis sou
CharterNYC.org



NEW YORK CITY
CHARTER SCHOOL
CENTER

www.nycCharterSchools.org


111 Broadway, Suite 604
New York, NY 10006
212.437.8300

Fanmi yo Ka Chwazi yon Lekòl Ki Pi Bon Pou Pitit Yo

Èske w te konnen lekòl charter yo se lekòl piblik gratis ki ouvri pou tout elèv ki New York yo? Jodi a, gen prèske 300 ladan yo k ap sèvi plis pase 150,000 elèv, ladan yo gen elèv k ap aprann lang Angle ak elèv ki gen andikap. Lekòl charter yo pa chwazi elèv yo sou baz nivo akademik yo ni yo pa janm pase tès oswa entèvyou pou admisyon. Paran yo jis ranpli yon ti fòmilè demann epi elèv yo admi atravè yon tiraj o aza. Lekòl charter yo resevwa elèv soti nan Pre-K rive nan lekòl segondè epi yo nan tout senk awondisman NYC yo.

LEKÒL CHARTER NAN 5 AWONDISMAN YO

Aprann plis sou
CharterNYC.org




Lekòl Charter yo Prepare Elèv pou Inivèsite & Karyè Pwofesyonèl

Rechèch yo montre ke vil New York gen kèk nan pi bon lekòl charter nan peyi a. Dènye done evaliyasyon ki disponib yo montre elèv lekòl charter yo toujou reyisi nan tès leta yo ak yon pousantaj ki pi wo pase elèv lekòl distri yo, sitou elèv Nwa ak Latino yo.

Lekòl Charter yo Inove!

Lekòl charter yo fonksyone endepandaman de Depatman Edikasyon Vil New York la. Sa pèmèt yo gen plis fleksibilite nan fason yo jere lekòl yo, prepare pwogram akademik yo, ak anboche pèsònèl yo. Anpil lekòl charter pa mete aksan sou matyè prensipal tankou Angle ak matematik sèlman, men yo ofri tou pwogram nan atizay, lasyans, ak lang. Lekòl charter yo souvan itilize metòd ki inovatif pou aprantisaj, tankou jounen lekòl ki pi long ak ane eskolè ki dire plis, sa ki ede elèv yo gen plis siksè pandan y ap prepare pou inivèsite ak karyè pwofesyonèl.



“Mwen renmen aksè mwen toujou genyen ak pwofesè pitit fi 6 zan mwen an nan lekòl charter li a. Mwen vrèman santi m tankou yon patnè nan edikasyon pitit mwen an – yo toujou akeyi m pou obsève klas yo epi patisipe nan aktivite elèv yo pou rete konekte.”

- Valerie Babb, ki se yon paran elèv nan Harlem Link Charter School

Kijan pou aplike – Pa rate dat limit lan!

Peryòd pou soumèt fòmilè demann nan kòmanse chak mwa oktòb epi li fini 1ye avril, kidonk pa bliye soumèt fòmilè demann ou a atan!

Gen 3 fason byen fasil pou aplike nan yon lekòl charter:

1. Ou ka soumèt yon sèl fòmilè demann pou plizyè lekòl atravè Common Online Charter School Application. [Apply Now!](#)
2. Ou ka vizite nenpòt lekòl ou chwazi epi pran fòmilè demann lan an pèsòn. Vizite [NYC Charter School FINDER](#) pou w ka lokalize lekòl charter yo nan zòn bò lakay ou.
3. Oswa ou ka vizite sit entènèt nenpòt lekòl epi telechaje yon fòmilè demann.